

7 oktòb

Louvri zòrèy nou. Vin jwenn mwen. Koute byen sa m ap di nou, n a jwenn lavi. M ap siyen yon kontra ak nou pou tout tan. Ezayi 55. 3

Yon kout je sou Bib la : Ansyen Testaman an (1)

Ansyen Testaman kòmanse ak Jenèz, ki rakonte kòman Bondye te kreye lòm epi mete li nan mitan kreyasyon an. Nan jaden dedèn, Adan lib pou li manje nan tout pyebwa nan jaden an eksepte pyebwa ki bay konesans byen ak mal la (Jenèz 2. 16, 17). Men Adan ak Ev, olye pou yo montre Bondye konfyans yo gen nan li, rekonesans yo ak lanmou yo, okontrè yo dezobeyi li epi anmenmtan yo voye jete otorite kreyatè yo a. Epi Bondye te mete yo deyò nan jaden an.

Tout Ansyen Testaman an montre kòman Bondye aji, anvan nesans Kris la (Mesi a), pou li ka retabli ak lèzòm relasyon ke peche te kraze a.

Bondye te pase yon premye alyans ak Noye (Jenèz 9. 9-17), apresa yon dezyèm ak Abraram ak pitit pitit li yo ki pral fòme pèp Izrayèl la (Jenèz 12. 1-3; 17. 1-21), apresa alyans lalwa a, ak Moyiz (Egzòd 24. 7; 34. 1-28). Li renouvle pwomès li yo plizyè fwa.

Pantatek la (5 premye liv nan Bib la), liv istorik yo (12 liv), liv poyetik yo (5 liv), liv pwofesi yo (17 liv) rakonte istwa chaje ak pwoblèm relasyon Bondye ak pèp li a. Yo anonse bòn nouvèl Mesi ki gen pou vini an, ki gen pou mete sou pye yon lòt relasyon ant Bondye ak lèzòm, ki chita sou yon lòt alyans (Jeremi 31. 31-34). Kris la, Pitit Bondye a, te mete kanpe nouvo alyans sa, ki etènèl, ke se li menm sèl k ap asire l.

7

octobre

Inclinez votre oreille et venez à moi ; écoutez, et votre âme vivra : et je ferai avec vous une alliance éternelle.

Ésaïe 55. 3

Survol de la Bible : l'Ancien Testament (1)

L'Ancien Testament commence par la Genèse, qui raconte comment Dieu a créé l'être humain et l'a placé au centre de la création. Au jardin d'Éden, Adam peut manger librement de tout arbre du jardin sauf du fruit de l'arbre de la connaissance du bien et du mal (Genèse 2. 16, 17). Mais Adam et Ève, au lieu de montrer à Dieu leur confiance, leur reconnaissance et leur amour, désobéissent et par là rejettent l'autorité de leur Créateur. Et Dieu les chasse du jardin.

Tout l'Ancien Testament montre alors comment Dieu agit, avant la naissance du Christ (le Messie), pour rétablir avec l'homme la relation brisée par le péché.

Dieu établit une première alliance avec Noé (Genèse 9. 9-17), puis une deuxième avec Abraham et ses descendants qui vont former le peuple d'Israël (Genèse 12. 1-3 ; 17. 1-21), ensuite l'alliance de la Loi, par Moïse (Exode 24. 7 ; 34. 1-28). Il renouvelle à maintes reprises ses promesses.

Le Pentateuque (les 5 premiers livres de la Bible), les écrits historiques (12 livres), les écrits poétiques (5 livres) et les écrits prophétiques (17 livres) racontent l'histoire tumultueuse de la relation entre Dieu et son peuple. Ils annoncent aussi la bonne nouvelle de la venue prochaine du Messie, qui inaugurera une autre relation entre Dieu et les hommes, sur la base d'une nouvelle alliance (Jérémie 31. 31-34). Christ, le Fils de Dieu, sur la base du sacrifice de sa propre vie, a établi cette alliance nouvelle, éternelle, dont il est le seul garant.